

Non Politik la:	Politik sou Bòdwo ak Koleksyon
Nimewo Kontra Asirans:	503
Depatman:	Finans
Domèn Fonksyonèl:	Finans
Apwouve pa:	Konsèy Administrasyon Bon Secours Mercy Health, Inc.
Dat Antre anvigè:	3/1/2026
Vèsyon:	7.0
Eta Politik la:	Apwouve

I. Politik (Konsèp Wo)

Jan li etabli nan seksyon 501(r) an nan Kòd IRS, BSMH pran angajman pou li bay edikasyon pou pasyan yo ak garan yo pou sa ki konsène faktirasyon ak koleksyon peman pou sèvis yo founi yo. BSMH pa pral antreprann okenn aksyon koleksyon ekstraòdinè (jan li defini nan dokiman sa a) kont yon moun pou jwenn peman pou swen anvan li fè efò rezonab pou jwenn si moun nan kalifye pou èd pou swen dapre Politik HFA an.

II. Objektif (Twa Mesaj Kle yo)

Kont teni de misyon li pou amelyore sante kominote li yo, avèk yon ensistans espesyal sou pòv yo ak moun ki mal sèvi yo, ak nan lespri ministè gerizon Jezi a, Bon Secours Mercy Health pran angajman pou li bay edikasyon pou pasyan yo ak garan yo pou sa ki konsène faktirasyon ak koleksyon peman pou sèvis yo founi yo. Yo pral chèche jwenn peman sistematikman pou kont yo, kèlkanwa ras, laj, sèks, orijin etnik, orijin nasyonal, sitwayènte, lang prensipal, relijyon, edikasyon, travay oswa sityasyon elèv, dispozisyon, relasyon, kouvèti asirans, pozisyon sosyal, oswa nenpòt lòt faktè diskriminasyon. Nan objektif sa, BSMH pa pral antreprann okenn aksyon koleksyon ekstraòdinè (jan li defini nan dokiman sa a) kont yon moun pou jwenn peman pou swen anvan li fè efò rezonab pou jwenn si moun nan kalifye pou èd pou swen dapre Politik HFA an.

Yo pral bay tout Garan yon tan ak kominikasyon rezonab pou yo konnen ak konprann responsablite finansye yo genyen. Garan an pral responsab sou plan finansye pou sèvis yo bay efektivman yo e ki anrejistre kòmsadwa. Reprezantan BSMH yo ak/oswa moun li deziyen an pral fè anpil piblikasyon pou Politik HFA an, nan pami anpil lòt bagay, nan ofri yon kopi rezime nan langaj klè politik la anvan pasyan egzeyate. Garan an responsab konprann chak kouvèti asirans garan an. Nenpòt responsablite pou peye limenm ki vini apre kouvèti asirans lan defini dapre plan avantaj ak kouvèti asirans garan an. BSMH baze sou eksplikasyon avantaj yo ak lòt enfòmasyon li pran nan men garan an ak konpayi asirans lan pou kalifikasyon, desizyon reklamasyon an, ak desizyon responsablite pasyan an.

III. Pòte (Popilasyon politik la aplike pou yo)

Politik Faktirasyon ak Koleksyon sa a aplike pou Etablisman Swen Sante BSMH annapre la yo. Politik pou Faktirasyon ak Koleksyon yo aplike pou Etablisman Swen sante BSMH Ozetazini Damerik ("USA") epi yo pa mete ladann okenn lopital ki sitiye deyò Etazini:

Non Politik la:	Faktirasyon ak Koleksyon	Dat Dènye Revizyon:	1/23/2026	Paj:	1
Vèsyon:	7.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/23/2026	Dat Orijinal:	12/2/2019

Cincinnati

- Mercy Health – Anderson Hospital
- Mercy Health – Clermont Hospital
- Mercy Health – Fairfield Hospital
- The Jewish Hospital – Mercy Health
- Mercy Health – West Hospital
- Mercy Health – Kings Mills Hospital

Kentucky

- Mercy Health - Lourdes Hospital
- Mercy Health - Marcum and Wallace Hospital

Lima

- Mercy Health - St. Rita's Medical Center

Lorain

- Mercy Health – Lorain Hospital
- Mercy Health - Allen Hospital

Springfield

- Mercy Health - Springfield Regional Medical Center
- Mercy Health – Urbana Hospital

Toledo

- Mercy Health - St. Vincent Medical Center
- Mercy Health – Perrysburg Hospital
- Mercy Health - St. Charles Hospital
- Mercy Health - St. Anne Hospital
- Mercy Health - Defiance Hospital
- Mercy Health - Tiffin Hospital
- Mercy Health - Willard Hospital

Youngstown

- Mercy Health - St. Elizabeth Youngstown Hospital
- Mercy Health - St. Elizabeth Boardman Hospital
- Mercy Health - St. Joseph Warren Hospital

Richmond

- Bon Secours - St. Francis Medical Center
- Bon Secours – Richmond Community Hospital

Non Politik la:

Faktirasyon ak
Koleksyon

Dat Dènye
Revizyon:

1/23/2026

Paj:

2

Vèsyon:

7.0

Dat Dènye
Modifikasyon:

1/23/2026

Dat Orijinal:

12/2/2019

- Bon Secours - Memorial Regional Medical Center
- Bon Secours - St. Mary's Hospital

Rappahannock

- Rappahannock General Hospital

Hampton Roads

- Bon Secours Mary Immaculate Hospital
- Bon Secours Maryview Medical Center
- Bon Secours Health Center Medical Center

South Carolina

- St. Francis Downtown
- St. Francis Eastside
- St. Francis Millennium

Southern Virginia

- Bon Secours - Southern Virginia Medical Center
- Bon Secours - Southside Medical Center
- Bon Secours - Southampton Medical Center

IV. Detay Politik la (Pwen Sipò)

Politik:

Yo voye bay pasyan/garan an yon relve pou sèvis lopital avèk sik bòdwo pwogresif. Nan ka kote pasyan an pa gen kouvèti asirans (sa vle di yon pasyan ki peye limenm), yo voye relve a apre yo bay sèvis yo. Nan pifò ka lè pasyan yo gen kouvèti nan yon konpayi asirans, yo voye relve yo apre yo te bay sèvis yo, yo te soumèt reklamasyon an epi konpayi asirans lan te deside sou reklamasyon an. Gen kèk ka, pa egzanp, lè gen yon arè nan desizyon sou yon reklamasyon akòz pasyan an dwe bay enfòmasyon anplis, kote yo pral voye yon relve ba Pasyan an ak/oswa Garan an anvan tretman reklamasyon an.

BSMH ak/oswa reprezantan li yo ka eseye kontakte pasyan/garan an (nan telefòn, atravè kourye, oswa atravè imèl) pandan sik relve bòdwo a pou chèche fè koleksyon. Yo endike efò koleksyon yo nan kont pasyan an.

Sik Relve:

Yo pral mezire sik relve an apatide premye relve yo voye bay pasyan an (dat yo voye li a) epi mete ladan sa ki annapre la yo:

- Relve annapre yo voye bay pasyan/garan an nan ogmantasyon pa 30 jou pou derive nan pwosesis relve a:
 - 1ye – Dat premye bòdwo

Non Politik la:	Faktirasyon ak Koleksyon	Dat Dènye Revizyon:	1/23/2026	Paj:	3
Vèsyon:	7.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/23/2026	Dat Orijinal:	12/2/2019

- 2yèm – 30 Jou apre
- 3yèm – 60 jou apre
- 4yèm – 90 Jou apre ak avi ke yo soumèt dèt la ba Ajans Koleksyon si montan yo rete san peye oswa yo pa resevwa aplikasyon pou HFA
- 5yèm – 120 Jou apre – Soumèt bay Ajans Koleksyon (Koleksyon voye lèt), depann de dispozisyon ki nan politik sa a.
- Yo ka sèvi ak yon Ajans Koleksyon segondè oswa tèsyè depann de sa ki prevwa nan politik sa a.

Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè (ECA, Extraordinary Collection Actions):

Pou politik sa a epi jan li defini nan seksyon definisyon yo nan dokiman sa a, ECA yo gen nan yo aksyon legal/jidisyè ak aktivite rapò kredi.

- ECA Legal ak Jidisyè - BSMH entèdi ECA legal ak jidisyè, sa gen ladan, men pa sèlman:
 - Mete yon dwa sezi sou yon moun
 - Sezi sou byen imobilye yon moun
 - Sezi oswa mete sezi kont labank oswa byen pèsonel yon moun
 - Angaje. nan yon aksyon sivil kont yon moun
 - Lakòz yon arestasyon, mete nan detansyon epi mennen devan tribinal, oswa yon pwosesis jidisyè sanblab
 - Sezi salè oswa lòt revni yon moun

BSMH pa fè ECA legal oswa jidisyè yo ki mansyone anwo la a, ni li pa otorize okenn founisè k ap aji nan non li fè aksyon sa yo.

- Aktivite Rapò Kredi - BSMH gendwa rapòte kont yo bay ajans kredi yo regilyèman, akondisyon:
 - Efò rezonab te fèt pou detèmine si moun nan kalifye pou èd dapre Politik HFA an jan li dekri anba a; epi
 - Tout egzijans reglemantè ak politik aplikab yo te satisfè.
- Swen pou Nesesite Medikal - Annakò avèk lwa aplikab la e politik BSMH:
 - BSMH p ap retade oswa refize, osinon egziye yon peman anvan pou bay swen ki nesèsè pou rezon medikal akòz yon moun pa peye youn oswa plizyè bòdwo pou swen yo te bay anvan sa, ki kouvri dapre Politik HFA an.

Efò pou Jwenn si gen Kalifikasyon pou HFA:

- BSMH pral pèmèt pasyan yo soumèt aplikasyon HFA konplè pandan yon Peryòd Aplikasyon 240 jou (jan sa dekri nan dokiman sa a).
- BSMH pa pral antreprann ECA kont pasyan an oswa garan an san li pa fè efò rezonab pou jwenn si pasyan an kalifye dapre Politik HFA an. Pi prezizeman:
 - BSMH ap enfòme moun yo sou Politik HFA an jan sa dekri nan dokiman sa a anvan li kòmanse nenpòt ECA pou jwenn peman pou swen epi l ap evite tanmen ECA yo pandan omwen 120 jou apati premye relve bòdwo apre egzeyat yo voye pou swen an.
 - Si BSMH gen entansyon fè ECA, sa ki annapre la a ap fèt 30 jou omwen anvan yo kòmanse youn oswa plizyè ECA:

Non Politik la:	Faktirasyon ak Koleksyon	Dat Dènye Revizyon:	1/23/2026	Paj:	4
Vèsyon:	7.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/23/2026	Dat Orijinal:	12/2/2019

- BSMH ap enfòme pasyan an alekri ke èd finansye disponib pou moun ki kalifye, I ap di ki ECA ke etablisman an (oswa lòt antite otorize) gen entansyon kòmanse pou jwenn peman pou swen an, epi I ap fikse yon dat limit, kote apre dat limit la yo ka kòmanse ECA ki pa pi bonè pase 30 jou apre dat yo te bay avi alekri a;
- Avi ki anwo a ap genyen yon rezime nan langaj klè sou Politik HFA an;
- BSMH pral fè efò rezonab pou enfòme pasyan an nan bouch sou Politik HFA an ak ki fason moun nan kapab jwenn èd pou fè pwosesis aplikasyon an.
- Si BSMH mete ansanm tout bòdwo yon moun pa peye pou plizyè epizòd swen anvan li kòmanse youn oswa plizyè ECA pou jwenn peman pou bòdwo sa yo, li pral evite kòmanse ECA yo jouk rive 120 jou apre li te bay premye relve bòdwo apre-egzeyat pou epizòd ki pi resan an ki fè pati total la.

Tretman Aplikasyon yo pou HFA:

- Si yon moun soumèt yon aplikasyon pou HFA ki pa konplè pandan peryòd aplikasyon an, BSMH pral:
 - Sispann nenpòt ECA pou jwenn peman pou swen an; epi
 - Bay moun nan yon avi alekri ki dekri enfòmasyon anplis ak/oswa lòt dokiman ki obligatwa dapre Politik HFA an oswa fòm aplikasyon HFA an ke moun nan dwe soumèt pou fin fè aplikasyon pou HFA epi ki gen ladan enfòmasyon pou kontakte BSMH ki prezante nan fen politik sa a.
- Si yon moun soumèt yon aplikasyon pou HFA ki konplè pandan peryòd aplikasyon an, BSMH pral:
 - Sispann nenpòt ECA pou jwenn peman pou swen an;
 - Pran yon desizyon sou kalifikasyon konsènan si wi ou non moun nan kalifye pou HFA pou swen an epi enfòme moun nan alekri sou desizyon kalifikasyon an (sa gen ladan, si sa aplikab, asistans moun nan kalifye pou li jwenn) ak sou ki baz yo te pran desizyon an.
 - Si yo jwenn moun nan kalifye pou HFA pou swen an, BSMH pral:
 - Si yo jwenn moun nan kalifye pou lòt asistans apade swen gratis, bay moun nan sa ki annapre la yo:
 - Yon relve bòdwo ki endike montan moun nan dwe pou swen an kòm yon moun ki kalifye pou HFAAP
 - Kijan yo te detèmine montan sa a epi
 - Deklare, oubyen dekri kijan moun nan ka jwenn enfòmasyon konsènan, AGB pou swen an; oswa
 - Deklare, oubyen dekri kijan moun nan ka aplike pou èd ki pi gwo dapre HFA an.
 - Ranbouse moun nan nenpòt montan li te peye pou swen an (keseswa ba BSMH oswa nenpòt lòt antite BSMH te refere pou vann dèt moun nan pou swen an) ki depase montan yo jwenn li responsab peye pèsònèlman kòm yon moun ki kalifye pou HFA, sòf si montan depase a mwens pase \$5 (oswa yon lòt montan ki pibliye nan Bilten Revni Entèn).
 - Pran tout mezi ki disponib lojikman pou defèt nenpòt ECA (alesepsyon lavant dèt) ki te pran kont moun nan pou jwenn peman pou swen an.
- Lè pa gen aplikasyon pou HFA ki soumèt, amwenske e jiskaske BSMH resevwa yon aplikasyon pou HFA pandan Peryòd Aplikasyon an, jan sa aplikab, BSMH ka kòmanse

Non Politik la:	Faktirasyon ak Koleksyon	Dat Dènye Revizyon:	1/23/2026	Paj:	5
Vèsyon:	7.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/23/2026	Dat Orijinal:	12/2/2019

ECA pou jwenn peman pou swen an on fwa li te enfòm moun nan sou HFA an jan sa dekri nan dokiman sa a.

Divès kalite Dispozisyon:

- **Règ Kont-Abi-** BSMH pa pral baze desizyon li pran ki endike yon moun pa kalifye pou HFA sou enfòmasyon ke BSMH gen rezon pou kwè ki pa fyab oswa ki pa kòrèk, ni sou enfòmasyon li jwenn nan men moun nan sou presyon oswa nan sèvi ak lafòs.
- **Jwenn si gen kalifikasyon pou Medicaid** – Li pa vle di BSMH pa te fè efò rezonab pou jwenn si yon moun kalifye pou HFA pou swen si, lè li resevwa yon aplikasyon konplè pou HFA nan men yon moun ke BSMH kwè ki ka kalifye pou Medicaid, BSMH ranvwaye demach pou jwenn si moun nan kalifye pou HFA pou swen an jouk apre aplikasyon moun nan pou Medicaid fin ranpli e soumèt epi yo fin pran yon desizyon konsènan kalifikasyon moun nan pou Medicaid.
- **Pa gen Renonsyasyon pou Aplikasyon pou HFA** – Jwenn yon renonsyasyon siyen nan men yon moun, pa egzanp yon deklarasyon ki siyen ki endike moun nan pa vle aplike pou èd dapre Politik HFA an oswa li pa vle resevwa notifikasyon ki dekri nan dokiman sa a, sa pa pral reprezante an limenm yon desizyon ke moun nan pa kalifye pou HFA.
- **Otorite Final pou Desizyon Kalifikasyon pou HFA** – Otorite final pou jwenn ke BSMH te fè efò rezonab pou jwenn si yon moun kalifye pou HFA e pakonsekan kapab antreprann ECA kont moun nan chita nan men Depatman Sèvis Finansye Pasyan BSMH.
- **Akò avèk Lòt Antite** – Si BSMH vann oswa refere bay yon lòt antite yon dèt yon moun gen anrapò ak swen, BSMH pral antann ak antite sa a sou yon akò alekri ki fèt pou respekte legalman, ke yo pran lojikman pou asire pa gen ECA y ap pran pou jwenn peman pou swen jouk yo fin fè ase efò pou jwenn si moun nan kalifye pou HFA pou swen an.
- **Founi Dokiman ak Mwayen Elektwonik** – BSMH ka sèvi ak mwayen elektwonik pou bay kenpòt avètisman oswa kominikasyon alekri ki dekri nan politik sa a (pa egzanp, pa imèl) ba nenpòt moun ki di li prefere resevwa avi oswa kominikasyon alekri pa mwayen elektwonik.

V. Definisyon yo

- **AGB** – Montan yo faktire anjeneral pou swen dijans oswa lòt swen ki gen nesesite medikal ke yo bay moun ki gen kouvèti asirans.
- **Peryòd Aplikasyon** – Peryòd kote BSMH dwe aksepte epi travay sou yon aplikasyon pou èd finansye annakò ak HFA an ke yon moun soumèt dekwa pou li te fè efò rezonab pou jwenn si wi ou non moun nan kalifye pou èd finansye dapre politik la. Peryòd Aplikasyon an kòmanse nan dat yo bay swen an epi li fini nan sa ki pi lwen an ant 240yèm jou apre dat yo bay premye

Non Politik la:	Faktirasyon ak Koleksyon	Dat Dènye Revizyon:	1/23/2026	Paj:	6
Vèsyon:	7.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/23/2026	Dat Orijinal:	12/2/2019

relve bòdwo apre egzeyat la oswa 30 jou omwen apre BSMH bay moun nan yon avi alekri ki fikse yon dat limit kote apre dat sa, yo gendwa tanmen ECA yo.

- **BSMH – Bon Secours Mercy Health**
- **Etablisman Swen sante BSMH yo – Lopital Bon Secours Mercy Health yo**
- **ECAs –** ECA yo se aksyon yon etablisman lopital pran kont yon moun ki gen rapò ak jwenn peman yon bòdwo pou swen ki kouvri anba Règleman Asistans Finansye etablisman lopital la ki enplike rapòte enfòmasyon negatif sou yon moun bay ajans rapò kredi konsomatè oswa kredi. biwo yo, ki egziye peman anvan yo bay swen medikal ki nesèsè oswa refize swen akòz pa peman, oswa aksyon ki mande yon pwosesis legal oswa jidisyè. Aksyon legal oswa jidisyè gen ladan, men se pa sa sèlman mete yon privilèj sou yon moun, sezi sou byen reyèl yon moun, atachman oswa sezi kont labank oswa byen pèsònèl yon moun, angaje nan yon aksyon sivil kont yon moun, ki lakòz yon arestasyon. oswa yon òdonans atachman kò, ak sezi salè yon moun oswa lòt revni.
- **HFA - Èd Finansye pou Swen Sante**
- **Politik HFA–** Politik Èd Finansye BSMH pou Swen Sante.
- **Moun ki Kalifye pou HFA –** Yon moun ki kalifye pou èd finansye dapre Politik HFA BSMH lan (san konsidere si wi ou non moun nan te aplike pou èd nan kad Politik HFA an).

VI. *Atachman*

Atachman 1 - Seksyon Enfòmasyon Kontak BSMH

VII. *Règleman Asosye yo*

BSMH ofri lòt opsyon pou pasyan ki pa asire oswa ki manke asire ki pa kalifye pou èd finansye dapre Politik HFA an. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri gade nan politik BSMH ki annapre la yo:

- Politik Èd Finansye BSMH pou Swen Sante
- Politik rabè BSMH pou Moun ki Pa asire/ki Peye limenm

Non Politik la:

Faktirasyon ak Koleksyon

Dat Dènye Revizyon:

1/23/2026

Paj:

7

Vèsyon:

7.0

Dat Dènye Modifikasyon:

1/23/2026

Dat Orijinal:

12/2/2019

BSMH kenbe yon Politik Èd Finansye pou Swen Sante epi Politik pou Faktirasyon ak Koleksyon apa pou anplasman kabinè BSMH Medical Group yo ak etablisman Swen ljan. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri gade nan politik ki annapre la yo:

- Politik Èd Finansye pou Swen Sante BSMH Medical Group
- Politik pou Faktirasyon ak Koleksyon BSMH Medical Group
- Politik Èd Finansye pou Swen Sante BSMH Urgent Care
- Politik pou Faktirasyon ak Koleksyon BSMH Urgent Care

VIII. Kontwòl Vèsyon

Vèsyon	Dat	Deskripsyon	Prepare Pa
1.0	11/25/2019	Politik sou Bòdwo ak Koleksyon	Finans/Travis Crum
2.0	2/18/2021	Politik sou Bòdwo ak Koleksyon	Finans/Travis Crum
3.0	2/17/2022	Politik sou Bòdwo ak Koleksyon	Finans/Travis Crum
4.0	1/24/2023	Politik sou Bòdwo ak Koleksyon	Finans/Travis Crum
5.0	1/22/2024	Politik sou Bòdwo ak Koleksyon	Finans/Travis Crum
6.0	1/24/2025	Politik sou Bòdwo ak Koleksyon	Finans/Travis Crum
7.0	1/24/2026	Politik sou Bòdwo ak Koleksyon	Finans/Travis Crum

Non Politik la:

Faktirasyon ak
Koleksyon

Dat Dènye

1/23/2026

Paj:

8

Vèsyon:

7.0

Revizyon:

1/23/2026

Dat Orijinal:

12/2/2019

Dat Dènye
Modifikasyon:

ENFÒMASYON POU KONTAK:

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte BSMH nan fason konsa pou **lopital Mercy Health** yo:

<i>Sitwèb</i>	www.bsmhealth.org/financial-assistance www.mercy.com/financial-assistance	
<i>Telefòn</i>	1-855-732-0138	
<i>Atravè Kourye</i>	Depatman Benefis Piblik Mercy Health PO Box 631774 Cincinnati, OH 45263-1360	
<i>An Pèsòn</i>	Mercy Health - Anderson Hospital 7500 State Road Cincinnati, OH 45255 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health – Clermont Hospital 3000 Hospital Drive Batavia, Ohio 45103 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health – Fairfield Hospital 3000 Mack Road Fairfield, Ohio 45014 Depatman: Konsèy Finansye The Jewish Hospital – Mercy Health 4777 E. Galbraith Road Cincinnati, Ohio 45236 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health – West Hospital 3300 Mercy Health Blvd., Cincinnati, Ohio 45211 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health – Kings Mills Hospital 5440 Kings Island Drive Mason, Ohio 45040 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health - Springfield Regional Medical Center 100 Medical Center Drive (nan Lwès North St) Springfield, Ohio, 45504 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health – Urbana Hospital 904 Scioto St, Urbana, OH 43078 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health - St. Rita’s Medical Center 730 W. Market St. Lima, OH 45801 Depatman: Konsèy Finansye	Mercy Health - St. Anne Hospital 3404 W. Sylvania Avenue Toledo, OH 43623 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health - Defiance Hospital 1404 E. Second Street Defiance, OH 43512 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health - Tiffin Hospital 45 St. Lawrence Drive Tiffin, OH 44883 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health - Willard Hospital 1100 Neal Zick Rd. Willard, OH 44890 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health – Perrysburg Hospital 12623 Eckel Junction Rd. Perrysburg, OH 43551 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health - St. Elizabeth Youngstown Hospital 1044 Belmont Ave. Youngstown, OH 44501 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health - St. Elizabeth Boardman Hospital 8401 Market St. Boardman, OH 44512 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health - St. Joseph Warren Hospital 667 Eastland Avenue Warren, Ohio 44484 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health – Lorain Hospital 3700 Kolbe Rd. Lorain, OH 44053 Depatman: Konsèy Finansye

Non Politik la:

Faktirasyon ak Koleksyon

Dat Dènye Revizyon:

1/23/2026

Paj:

9

Vèsyon:

7.0

Dat Dènye Modifikasyon:

1/23/2026

Dat Orijinal:

12/2/2019

Mercy Health - Lourdes Hospital 1530 Lone Oak Rd Paducah, KY 42003 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health - Marcum and Wallace Hospital 60 Mercy Court Irvine, KY 40336 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health - St. Vincent Medical Center 2213 Cherry Street Toledo, OH 43608 Depatman: Konsèy Finansye Mercy Health - St. Charles Hospital 2600 Navarre Avenue Oregon, OH 43616 Depatman: Konsèy Finansye	Mercy Health - Allen Hospital 200 W. Lorain St. Oberlin, Ohio 44074 Depatman: Konsèy Finansye
--	---

Enfòmasyon:

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte BSMH nan fason konsa pou **lopital Bon Secours** yo:

<i>Sitwèb</i>	www.bsmhealth.org/financial-assistance www.fa.bonsecours.com	
<i>Telefòn</i>	804-342-1500 (Lokal Richmond) 877-342-1500	
<i>Atravè Kourye</i>	Èd Finansye Bon Secours Mercy Health P.O. Box 631360 Cincinnati, OH 45263-1360	
<i>An Pèsòn</i>	Bon Secours St. Francis Medical Center 13710 St. Francis Boulevard Midlothian, VA 23114 Depatman: Konsèy Finansye Bon Secours – Richmond Community Hospital 1500 N. 28th Street Richmond, VA 23223 Depatman: Konsèy Finansye Bon Secours Memorial Regional Medical Center 8260 Atlee Road Mechanicsville, VA 23116 Depatman: Konsèy Finansye Bon Secours St. Mary's Hospital 5801 Bremon Road Richmond, VA 23226 Depatman: Konsèy Finansye Rappahannock General Hospital 101 Harris Road Kilmarnock, VA 22482 Depatman: Konsèy Finansye	Bon Secours Mary Immaculate Hospital 2 Bernadine Dr Newport News, VA 23602 Depatman: Konsèy Finansye Bon Secours Maryview Medical Center 3636 High Street Portsmouth, VA 23707 Depatman: Konsèy Finansye Bon Secours Harbour View Medical Center (Kòmanse Me 2025) 1020 Bon Secours Drive Suffolk, VA 23435 Depatman: Konsèy Finansye St. Francis Downtown One St. Francis Drive Greenville, SC 29601 Depatman: Konsèy Finansye St. Francis Eastside 125 Commonwealth Drive Greenville, SC 29615 Depatman: Konsèy Finansye St. Francis Millennium 2 Innovation Drive Greenville, SC 29607 Depatman: Konsèy Finansye

Non Politik la:	Faktirasyon ak Koleksyon	Dat Dènye Revizyon:	1/23/2026	Paj:	10
Vèsyon:	7.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/23/2026	Dat Orijinal:	12/2/2019

	Bon Secours – Southside Medical Center 200 Medical Park Blvd Petersburg, VA 23805 Depatman: Konsèy Finansye Bon Secours - Southern Virginia Medical Center 727 N Main Street Emporia, VA 23847 Depatman: Konsèy Finansye Bon Secours Southampton Memorial Hospital 100 Fairview Drive Franklin, VA 23851 Depatman: Konsèy Finansye	
--	---	--